

Konnen Anvan Ou Ale

Fason pou Rete San Danje epi An Sante nan Evènman Espesyal Ete sa a

Filadèlfi ap òganize yon seri evènman espesyal an 2026, tankou Mondyal FiFA a, America250, ak Match MLB All-Star la. Men kèk fason ou ka rete an sekirite epi an sante pandan ete sa a lè w ap patisipe nan yon evènman oswa lè w ap pase tan nan vil la.

Lave men w souvan epi byen lave yo.

Mikwòb yo ka gaye soti yon moun rive sou yon lòt epi soti nan yon sifas rive nan yon lòt.

Lè ou lave men w sa ka ede w rete an sante epi anpeche maladi gaye, sitou pandan moman enpòtan sa yo:



Anvan, pandan, ak apre ou fin prepare ak/oswa manje.



Anvan ak apre ou fin pran swen yon moun ki malad.



Apre ou fin itilize twalèt la oswa chanje daypè.



Apre ou fin mouche nen w, touse, oswa lè ou estènen.



Si pa gen savon ak dlo ki disponib, itilize yon dezenfektan pou men ki gen omwen 60% alkòl ladan l.

Aprann plis nan: chop.edu/conditions-diseases/handwashing

Rete lakay ou swa nan otèl ou si ou pa santi w byen.

Si ou pa santi w byen, rete lakay ou oswa nan otèl ou a se pi bon bagay ou ka fè ou retabli w ak pou lòt moun.

Si sentòm ou yo pa twò grav, repoze w, idrate kò w, epi kontwole fason ou santi w. Pou anpeche maladi ak mikwòb transmèt bay lòt moun:



Kouvri bouch ou lè w ap touse ak lè w ap estènen.



Chèche swen medikal si sentòm ou yo vin pi mal.



Mete yon mask nan espas piblik ki gen anpil moun yo si ou soti pandan ou malad la.

Kontinye nan paj apre a →

Pwoteje tèt ou kont moustik ak tik.

Moustik ak tik kouran nan Filadèlfi pandan ete a. Pifò lè ensèk yo mòde w yo ap sèlman bay gratèl, men kèk ka gaye jèm ki fè ou malad. Pi bon fason pou pwoteje ou menm ak fanmi w kont enfeksyon tankou viris West Nile ak maladi Lyme se evite ensèk sa yo mòde w.

Men sa ou ka fè pou pwoteje tèt ou:



Itilize espre ensèk, sa ki pi bon yo se espre pou repouse moustik ki gen 20-30% DEET.

Li san danje pou timoun ki gen plis pase 2 mwa ak moun ki ansent oswa moun k ap bay tete yo.



Kouvri kò w pandan w ap mete rad ki gen manch long, pantalon long, ak chosèt.

Lè li fè cho deyò, priyoreze espre kont ensèk yo.



Evite zòn ki gen anpil pyebwa ak zèb wo.

Chèche tik sou rad ou apre ou fin antre anndan kay la ak apre ou fin benyen, li pi bon pou fè sa nan lespas 2 èdtan.



Retire tik yo pi vit posib avèk yon pensèt senp (tweezers).

Si ou devlope yon gratèl oswa lafyèv, chèche swen medikal.

Rete Konekte

Jwenn enfòmasyon ofisyèl sou Mondyal FIFA a ak resous pou fè vizit ou a an sekirite epi memorab.

Sou Rezo Sosyal yo



WhatsApp:

FIFA 2026 Philadelphia
Biwo Jesyon Ijans Filadèlfi



Instagram:

Vil Filadèlfi a (@cityofphiladelphia)
Biwo Evènman Espesyal Filadèlfi a (@phillymdoevents)



Facebook:

Biwo Jesyon Ijans Filadèlfi (@PhilaOEM)



2026 Access Philly: *Apple App Store ak Google Play*

Aplikasyon sa a pou jwenn evènman yo ap kenbe w konekte ak tout sa k ap pase nan Filadèlfi an 2026.

Atravè Mesaj Tèks

ReadyPhiladelphia:

Voye **CupPHL** pa mesaj tèks bay **888-777**
pou resevwa mesaj tèks sou gwo move tan, transpò piblik, enfòmasyon ijans, ak plis toujou.

Remak: Aparèy yo dwe anrejistre sou yon nimewo telefòn Etazini pou resevwa mesaj tèks.

Sou sit Entènèt Vil la

Sant Resous Filadèlfi 2026:

Vil la te kreye resous sa a pou asire tout moun ka patisipe nan evènman espesyal Filadèlfi 2026 yo epi selebre 250yèm anivèsè Amerik la.

